KONSANTMAN ENFÓME POU PATISIPE NAN RECHÈCH

Yo mande w pou w patisipe nan yon etid rechèch. Syantis yo fè rechèch pou reponn kesyon enpòtan yo ki ta ka ede chanje oswa amelyore fason nou fè bagay yo nan lavni.

Ou ka chwazi pou pa patisipe nan etid la oswa ou ka chwazi kite etid la nenpòt ki lè. Si w deside pou w pa patisipe, oswa si w deside kite etid la nan pita, sa p ap lakòz okenn penalite oswa pèt benefis ou gen dwa, epi sa p ap afekte relasyon w ak chèchè oswa anplwayè yo.

Anvan ou dakò pou w patisipe, chèchè a pral rezime enfòmasyon enpòtan ki pral ede w deside si w ap patisipe. Lè sa a, chèchè yo pral enfòme w sou etid la, tankou:

- Poukisa etid la ap fèt
- Konbyen moun ki pral nan etid la
- Kisa ki pral rive pandan etid la, enkli konbyen tan ou pral patisipe ak si etid la enplike nenpòt pwosedi eksperimantal
- Nenpòt risk oswa benefis potansyèl
- Nenpòt opsyon tretman ki pa patisipe nan etid la
- Kijan yo pral pwoteje enfòmasyon ou yo, ak ki jan yo ka itilize yo alavni
- Kijan yo pral fè w konnen nouvo rezilta ki ka afekte w oswa patisipasyon w
- Ki moun ki pral peye pou tretman si w blese pandan etid la
- Nenpòt frè pou ou, epi si w ap peye pou w patisipe
- Kisa k ap pase si w deside sispann patisipe, oswa nenpòt rezon ki fè chèchè yo ta ka sispann patisipasyon w

Pou kesyon sou etid la oswa yon blesi ki gen rapò ak rechèch la, kontakte:
Non: _____
Nimewo telefòn: _____

Pou kesyon sou dwa w kòm yon patisipan rechèch, pou diskite sou pwoblèm, plent, oswa enkyetid sou yon etid rechèch, oswa pou jwenn enfòmasyon oswa pou ofri opinyon, tanpri kontakte Biwo Sijè Imèn IU a nan 800-696-2949 oswa nan irb@iu.edu.

KONSANTMAN PATISIPAN

Rechèch la, enkli enfòmasyon ki endike anwo a, yo te dekri l pou mwen aloral epi mwen bay konsantman m pou m patisipe nan etid rechèch sa a. Y ap ban m yon kopi fòm sa a ki siyen ak yon vèsyon ann Angle sou Deklarasyon Konsantman Enfòme pou m kenbe nan dosye mwen. Mwen dakò patisipe nan etid sa a.

Ekri Non Patisipan anlèt detache:_____

Siyati Patisipan:_____Dat:_____

Ekri Non Paran anlèt detache /Gadyen/LAR (si aplikab):_____

Ekri Non Paran anlèt detache /Gadyen/LAR (si aplikab):_____

Dat:_____